



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: D-170

Sijè: PWOSESIS POU ELEKSYON AK NOMINASYON MANM KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE (CITYWIDE COUNCIL ON ENGLISH LANGUAGE LEARNERS, CCELL) LADAN KONBLE PÒS VID

Kategori: KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE (CITYWIDE COUNCIL ON ENGLISH LANGUAGE LEARNERS, CCELL)

Pibliye: 29 avril 2021

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifiye ak ranplase Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulation, CR*) D-170 ki gen dat jeudi 28 janvier 2021.

Chanjman

- Bay twa vòt pou chak elèv ki elijib pou vote olye yon vòt pa elèv ki elijib (Section V.A.2).



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: D-170

Sijè: PWOSESIS POU ELEKSYON AK NOMINASYON MANM KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE (CITYWIDE COUNCIL ON ENGLISH LANGUAGE LEARNERS, CCELL) LADAN KONBLE PÒS VID

Kategori: KONSÈY VIL LA POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE (CITYWIDE COUNCIL ON ENGLISH LANGUAGE LEARNERS, CCELL)

Pibliye: 29 avril 2021

REZIME

Règleman sa a eksplike kondisyon pou kalifye kòm kandida ak pwosedi pou nonmen/chwazi kandida pou manm Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners (CCELL). Li gen tou pwosesis pou ranpli pòs vid yo.

I. COMPOSITION

Pral genyen yon Konsèy Vil la pou Elèv k ap aprann lang angle (Citywide Council on English Language Learners, "CCELL") ki gen 11 manm ki ka vote ak yon lòt manm ki se yon elèv. Nan manm k ap vote yo, yo dwe eli 9 dapre pwosedi ki nan regleman sa a, epi yo dwe, nan tan eleksyon an, se paran elèv k ap aprann lang angle, jan regleman sa a defini l. Defansè piblik Vil Nouyòk ap nonmen de lòt manm ki ka vote yo. Divizyon Elèv k ap aprann nan plizyè lang Depatman Edikasyon Vil Nouyòk nonmen manm elèv la.

II. ELIJIBLITE

Paran manm

1. Tout paran manm yo k ap sèvi nan CCELL ta dwe se paran ki gen timoun k ap aprann lang anglè (ELL), oswa ki se ansyen ELL nan espas de ane ki sot pase yo. Yon elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL) se yon elèv langaj li pale lakay li se pa Anglè epi ki nan yon pwogram de lang, pwogram edikasyon bileng pou tranzisyon, oswa pwogram Angle kòm yon nouvo lang paske elèv la bezwen angle pou sipòte aprantisaj la.
2. Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li (foster parent)), responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun

ki gen yon lyen parante ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

3. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an voye yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan CCELL a.
4. Dire manda paran manm yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

B. Manm Defansè piblik la nonmen

1. De manm yo ke Defansè piblik la nonmen yo dwe se moun ki gen anpil eksperyans ak konesans nan ansèyman ELL ki pral pote yon bonjan èd pou amelyore pwogram bileng ak pwogram ENL nan lekòl DOE yo. Dire manda manm sa yo se de ane, epi pa gen limit pou kantite manda yo.
2. Moun k ap chèche nominasyon nan CCELL apati Defansè piblik la dwe pran yon aplikasyon nan Biwo pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominote (Office of Family and Community Empowerment, FACE), ak voye fòm ranpli a nan FACE atravè cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay Defansè piblik lan. Defansè piblik la ap pran desizyon nominasyon an nan pwòp diskresyon.

C. Elèv manm (manm ki pa ka vote)

1. Elèv lekòl segondè ki pral nan 12yèm ane (senior) pandan ane sèvis yo epi ki se oswa te ELL elijib pou nominasyon atravè DML la. Nan règleman sa a, yon senior se yon elèv nan dènye ane lekòl segondè ki gen 30 kredi lekòl segondè.
2. Elèv ki enterese dwe pran yon aplikasyon nan FACE epi voye aplikasyon ranpli an nan FACE atravè cceinfo@schools.nyc.gov. FACE pral gade elijiblite a, epi voye aplikasyon yo chwazi yo bay DML. DML la ap pran desizyon nominasyon an nan pwòp diskresyon.
3. Elèv manm ki pa ka vote yo eli pou yon manda yon ane ki kòmanse apati 1ye jiyè epi pou fini 30 jen ane apre a.

D. Moun ki Pa Elijib pou Pòs

1. Moun sa yo pa elijib:
 - a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon *county*);
 - b. Anplwaye k ap travay pou DOE kounye a;
 - c. Moun ki nan yon lòt Konsèy tout vil oswa nan nenpòt Konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC);

- d. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP);
 - e. Moun yo te revoke nan yon Asosyasyon Paran (Parent Asosyasyon, PA)/Asosyasyon Pwofesè-Paran (Parent Teacher Association, PTA), nan yon Ekip lidèchip lekòl (School leadership Team, SLT), nan Konsèy Prezidan Distri (District Presidents' Council, DPC), nan Konsèy lekòl segondè Borough (Borough High School Council, BHC), nan Komite Tit I, oswa nan konsèy lekòl kominotè pou yon move zak ki gen rapò dirèk ak sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, komite, oswa komite dirijan sa a; epi
 - f. Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.
2. Moun sa yo pa ka eli:
- a. Moun ki angaje nan yon zak mekanste ki gen rapò dirèk ak sèvis yo nan yon CEC oswa nan yon Konsèy tout vil; oswa
 - b. Moun yo te kondane pou yon krim, si yo konsidere kondanasyon sa a dapre Atik 23-A lwa penal eta Nouyòk.

III. LÈ MOUN AP CHÈCHE ELI NAN CCELL

- A. FACE dwe pibliye pwosesis eleksyon an, ki gen ladan kalandriye pou voye aplikasyon ak vote, apati janvye ane eleksyon an.
- B. Paran ki enterese pou vin manm CCELL la dwe voye yon aplikasyon sou entènèt atravè yon kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools Account, "NYCSA") . Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa nan biwo distri a, oswa rele 311 pou jwenn enfòmasyon sou jan pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik yo.
- C. Kandida yo dwe sètifye nan aplikasyon an ke yo mete tout timoun yo ki nan lekòl DOE sou kont NYCSA yo. Y ap konsidere yon kandida ki aplike nan CCELL la kòm yon reprezantan pou chak distri kote kandida a gen yon elèv k ap aprann lang anle ki se oswa te yon elèv ELL nan espas de ane ki sot pase yo. Si yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak distri kote l se yon reprezantan, sa ap lakoz yo diskalifye li.
- D. Kandida yo ka aplike pou otan konsèy Edikasyon Vil la ak/oswa kominote ke yo elijib men, si yo eli, yo pral otorize pou sèvi nan sèlman youn. Kandida ki swete aplike pou plizyè konsèy dwe klase yo dapre lòd preferans; si yo eli nan plis pase yon konsèy, y ap plase yo nan konsèy yo te klase pi wo a.

IV. FOWÒM KANDIDA

- A. FACE pral konvoke omwen yon Fowòm Kandida koye yo pral pèmèt kandida yo fè prezantasyon pou paran ak lòt pati enterese.
- B. Fowòm kandida yo dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan peryòd vòt lan kòmanse, ki dwe fini avan dezyèm madi mwa me ane eleksyon an.
- C. Yo dwe fè Fowòm Kandida yo nan yon lokal fizik oswa yon platfòm reyinyon vityèl. FACE dwe detèmine dat, lè ak fòm Fowòm Kandida a. Nan ka yon fowòm an pèsòn, FACE pral mete yon lokal ki aksesib, ki respekte nòm ADA ak pran ak responsab pri tout pèmi ki nesèsè pou lokal DOE. Nan ka fowòm ki fèt nan yon platfòm vityèl, FACE pral asime pri platfòm lan ak bay asistans teknik pandan reyinyon an.
- D. Avan chak Fowòm Kandida, FACE pral mete pòsyon aplikasyon chak kandida disponib k ap gen non kandida a, lekòl ak pwogram timoun yo, ak deklarasyon pèsònèl (“Pwofil Kandida”). Yo dwe afiche Pwofil Kandida yo nan sitwèb DOE pou paran ak piblik la ka wè. FACE pral bay tou kopi pou distribisyon nan Fowòm Kandida yo k ap fèt an pèsòn.

V. PWOSESIS ELEKSYON

A. Moun k ap vote ki elijib

- 1. Tout paran elèv ELL ki nan yon lekòl DOE elijib pou vote nan CCELL.
- 2. Yo ka bay twa vòt pa elèv ki elijib.

B. Vòt

Yo ankouraje paran yo pou vote sou entènèt atravè aplikasyon NYCSA.

- 1. Paran ki pa gen aksè nan entènèt dwe fè aranjman avèk kowòdonatè paran oswa direktè yo pou itilize yon konpitè nan lekòl la oswa biwo distri a pou tabli yon kont NYCSA epi vote, oswa rele 311 pou enfòmasyon pou jwenn aksè konpitè nan bibliyotèk piblik.
- 2. Bilten vòt an papyè pral disponib tou nan biwo sipèentandan yo. Si yon biwo sipèentandan tabli yon kont NYCSA epi antre vòt paran an pou yon paran, biwo sipèentandan an dwe kenbe dosye bilten vòt an papyè a ke paran an ranpli an ki endike chwa paran, konsantman paran an pou biwo sipèentandan an pou tabli kont NYCSA epi antre vòt paran an pou paran an, ak yon sètifika ke biwo sipèentandan an te antre vòt paran an pou paran an.

C. Syèj kandida yo

1. Tout paran elijib ka ranpli nèf syèj kandida yo nan CCELL. Sepandan, pa gen distri ki ka gen plis pase yon reprezantan nan CCELL epi omwen yon manm nan CCELL la dwe se paran yon elèv ki se yon ELL kounye a.
2. Lè yo fin konte bilten vòt yo:
 - a. Yo dwe chwazi nèf kandida ki gen kantite vòt ki pi wo a pou ranpli yon syèj sou kondisyon. Sepandan, si pami nèf kandida sa yo gen plis pase yon kandida ki soti nan menm distri a, yo pral chwazi kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a, y ap retire kandida ki gen kantite vòt ki pi piti a, epi yo pral chwazi pwochen kandida ki genyen kantite vòt ki pi wo a ki soti nan yon lòt distri ki poko reprezante nan CCELL la sou kondisyon.
 - b. Si nèf kandida yo chwazi sou kondisyon yo apre eliminasyon kandida nan menm distri a pa gen ladan yon kandida ki se paran yon elèv ELL kounye a, donk yo pral chwazi paran ELL kounye a ki gen kantite vòt ki pi wo an sou kondisyon. Si paran sa a soti nan menm distri kote yo deja chwazi yon kandida epi gen yon lòt paran yon ELL kounye a, donk yo dwe chwazi paran an ELL la ki gen kantite vòt pi wo ki vin apre a nan distri ki poko reprezante nan CCELL la sou kondisyon.

D. Lòt tou eleksyon

1. Yo dwe fè lòt tou eleksyon lè:
 - a. Gen de oswa plizyè kandida ki gen menm kantite vòt;
 - b. pa gen paran yon elèv ELL kounye a ki resevwa kèk vòt; oswa
 - c. youn oswa plizyè pòs rete vid apre tout kandida ki pa pataje yon distri avan eli nan CCELL la.
2. Nan ka yon nil oswa plizyè kandida gen menm kantite vwa, sèlman kandida sa yo ki te gen menm kantite vòt yo pral patisipe nan lòt tou eleksyon yo.
3. Nan ka lòt tou eleksyon poutèt pa gen paran yon ELL kounye a ki te resevwa kèk vòt, pral patisipe nan lòt tou eleksyon an sèlman kandida ki paran ELL kounye a pou pòs ELL kounye a.
4. Nan ka lòt tou eleksyon poutèt youn oswa plizyè pòs rete vid ak/oswa pa gen paran ELL kounye a nan pòs apre eliminasyon kandida ki gen timoun ki ale lekòl nan distri ki deja reprezante nan CCELL la, sèlman kandida yo pa te chwazi sou kondisyon ak sa ki gen timoun ki pa ale lekòl nan yon distri ki deja reprezante pami kandida yo ap antre nan lòt tou eleksyon an. Si lòt tou eleksyon an pa rive ranpli tout syèj yo, oswa pou yon syèj yon paran ELL ap ranpli kounye a,

donk pa pral aplike restriksyon konsènan pou distri pa gen plis pase yon reprezantan nan CCELL la.

5. Kote rezilta lòt tou eleksyon yo nil oswa kote kandida yo gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis seleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
6. Si pwosesis lòt tou eleksyon yo pale pi wo a pa rive ranpli tout pòs yo, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VI. EGZAMEN APRE SELEKSYON KALIFIKASYON/ELIJIBLITE

- A. Apre yo fin chwazi kandida yo sou kondisyon men avan yo kòmanse fonksyon yo, FACE ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan CCELL a. Si FACE detèmine yon kandida pa elijib, FACE dwe pibliye yon desizyon alekri ki gen ladan baz legal, ak prèw tanjib pou piblikasyon li. Tout kandida FACE konsidere ki pa elijib pou pòs la ak kandida ki gen plis kantite vòt ki vin apre a, toutotan kandida a pa soti nan yon distri ki deja gen reprezantan nan CCELL la.
- B. Si yon kandida vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini 30 jen ane eleksyon an oswa avan dat sa a, y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki pa sòti nan yon Distri ki deja gen reprezantan nan CCELL a, ki te gen plis vòt pandan premye tou a apre kandida sa a.
- C. Si kandida ki pa elijib la oswa ki diskalifye a se sèl paran ELL aktyèl yo te chwazi, y ap sanse chwazi sou kondisyon paran ELL aktyèl ki vin apre ki te gen plis vòt nan premye pwosesis chwa a epi ki pa sòti nan yon Distri ki deja gen reprezantan nan CCELL a.
- D. Si kandida yo chazi yo jan yo di nan seksyon sa gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis la pou DOE ap detèmine gayan an dapre tirajosò.
- E. Si pa gen kandida elijib ki disponib pou chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A règleman sa a.

VII. KALANDRIYE

- A. Yo dwe fè eleksyon manm CCELL yo chak dezan, nan ane ki pa pè yo. Vòt la dwe fini nan dezyèm Madi mwa me, ladan lòt tou eleksyon ki nesèsè.
- B. Pwosesis eleksyon an dwe kòmanse an janvyè ane y ap fè eleksyon an, kote FACE ap pibliye enfòmasyon konsènan wòl, pòs, ak aktivite CCELL la, enfòmasyon sou kandida, ansanm avèk nati aplikasyon ak pwosesis eleksyon an.

- C. Manda manm CCELL yo dwe kòmanse 1ye jiyè apre eleksyon an epi fini 30 jen dezan apre. Yo mande tout manm CCELL yo pou ale nan yon sesyon FACE òganize avan kòmansman manda a, epi omwen yon lòt trening nan dezyèm ane manda a.

VIII. DEMISYON

A. Manm Paran

Demisyon manm paran dwe fèt alekri, bay FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo dwe efektif imedyatman lè bay FACE li sofsi yo espesifye yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè FACE dakò.

B. Manm ke Defansè piblik la nonmen

Demisyon manm ke Defansè piblik la nonmen yo dwe fèt alekri pou Defansè piblik la, avèk yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon yo dwe efektif kou yo bay Defansè piblik la li sofsi yo espesifye l pou yon dat apre. Manm yo pa ka chanje lide yo sou demisyon yo fin bay la, ni anile l, ni modifye l eksepte lè Defansè piblik la dakò.

C. Elèv manm

Demisyon elèv manm yo dwe fèt alekri, pou DML lan, avèk yon kopi pou FACE nan cceinfo@schools.nyc.gov. Demisyon sa a dwe efektif depi yo bay DML li sofsi yo espesifye yon lòt dat alavni. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè DML dakò.

IX. PÒS VID YO

A. Pòs Paran manm ak pòs Defansè piblik nonmen ki vid yo

1. Manm CCELL ki, nan fen manda yo, refize oswa neglije ale nan twa reyinyon yo pwogramèpa mwa regilyèman nan CCELL kote yo te avize yo san bay yon valid eskiz alekri, dwe kite fonksyon an.
 - a. Yo dwe mete nan pwosèvèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz manm sa yo ekri pou bay.
 - b. Rezon sa yo reprezante eskiz valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CCELL a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran nan yon aksidan, lòd tribinal pou l prezante l paegzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè ; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon CCELL ak lòt rezon CCELL a jije apwopriye. Yo ka konsidere lòt rezon sa yo valab si yo mete CCELL okouran alekri pa pi ta pase

15 jou apre absans lan epi yo apwouve yo pa vòt CCELL nan pwochen reyinyon yo pwograme chak mwa kote ki gen kowòm.

- c. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz, CCELL la dwe deklare pòs la vid atravè desizyon epi avize FACE konsènan aksyon an. Si yo deklare gen yon pòs vid manm ke Defansè piblik lan te nonmen, CCELL la dwe avize tou Defansè piblik lan
2. Lè gen yon pòs paran ki vid, CCELL la ap konble pòs vid la pou rès manda ki poko fini an atravè yon eleksyon nan yon reyinyon piblik.
 - a. CCELL dwe piblye pòs vid la tout kote, dekri pwosesis aplikasyon an ak espesifye yon delè pou voye aplikasyon yo ale.
 - b. Tout kandida yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou pòd vid la nan FACE epi retounen fòm ranpli an bay FACE. FACE dwe gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye pòsyon aplikasyon Kandida elijib yo nan CCELL.
 - c. Si pòs vid lan se yon syèj ke yon paran yon ELL genyen, epi pa gen manm CCELL ki rete manm se paran an ELL kounye a k ap sèlman elijib kandida pou vin eli paran ELL kounye a.
 - d. Y ap bay paran elèv k ap aprann lang angle yo opòtinite pou yo fè rekòmandasyon alekri pou yo pale avèk CCELL la avan yo konble pòs la.
 3. Si CCELL a pa rive mete yon manm nan pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare kandida yo gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou depataje yo. Si CCELL la pa ranpli pòs vid la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a dwe bay lòd pou nonmen yon moun nan pòs vid CCELL la.
 4. Lè pòs yon manm Defansè piblik la te nonmen vin vid, Defansè piblik la dwe nonmen yon lòt manm pou fin fè rès tan manda a. Moun ki enterese yo dwe jwenn yon Aplikasyon pou nonmen Defansè Piblik CCELL la nan FACE epi retounen fòm ranpli an bay FACE. FACE dwe gade elijiblite pou ranpli pòs la, epi voye aplikasyon an bay Defansè piblik lan. Tout desizyon nominasyon dwe pran avèk diskresyon Defansè piblik la.

B. Pòs Manm elèv ki vid

Nan ka gen yon pòs elèv vid, DML la ap nonmen yon lòt elèv dènye ane ki sou lis elèv elijib la pou fè rès manda ki poko ekspire a. DML la dwe enfòmè FACE ak CCELL sou nominasyon an.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent kont moun ki pa respekte règleman sa a sou senk (5) jou apre vyolasyon yo sispèk la, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE pral sipèvize aplikasyon pwosedi ki nan règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè sa nesesè.

XII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of Family and Community Empowerment

N.Y.C. Department of Education

52 Chambers Street - Room 409

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-4118

Imèl: CCECinfo@schools.nyc.gov